


RESANSMAN 101: SA OU DWE KONNEN

2020 Census (Resansman 2020) an pi pwòch rive pase sa w panse a!
Men yon ti rapèl byen rapid sou sa li ye epi poukisa li enpòtan pou yo konte chak grenn moun.


Chak grenn moun konte.

Resansman an konte chak grenn moun kap viv Ozetazini yon fwa, e yon sèl fwa, e li konte moun sa a nan bon kote a.



Li gen pou wè ak reprezantasyon ki ekitab.


Chak 10 lane, yo itilize rezilta resansman an pou repati Chanm Reprezantan yo, pou detèmine konbyen plas chak eta ap jwenn.



Li nan konstitisyon an.



Konstitisyon Etazini an oblije pou yo konte tout moun nan peyi a chak 10 lane. Premye resansman an te fèt nan ane 1790.

Li ozanviwon \$675 bilyon.



Yo baze distribisyon plis pase \$675 bilyon nan finansman federal, sibvansyon ak sipò pou eta yo, konte yo ak kominote yo sou done ki nan resansman yo.

Yo depanse lajan sa yo nan lekòl, lopital, wout, travo piblik ak lòt pwogram enpòtan.




Li gen pou wè ak redistribisyon.


Aprè resansman ki fèt chak deseni, reprezantan leta yo retrase limit distri kongresyonèl ak distri lejislatif eta yo nan eta pa yo pou reponn ak chanjman nan popilasyon an.

Patisipasyon nou fè patide responsablite sivik nou.


Li obligatwa pou yon moun konplete resansman an: se yon fason pou moun patisipe nan demokrasi nou an e pou moun di "MWEN KONTE!"



Yo itilize done ki nan resansman an toupatou.





Rezidan yo itilize resansman an pou yo ankouraje inisyativ kominotè ki gen rapò ak lalwa, kalite vi ak defans konsomatè.



Biznis yo itilize done nan resansman yo pou decide ki kote pou yo konstwi faktori, biwo ak magazen, ki kreye anplwa.

Gouvènman lokal yo itilize resansman an pou sekirite piblik ak preparasyon pou ka dijans.




Pwomotè imobilye yo itilize resansman an pou yo konstwi nouvo kay e pou yo revitalize ansyen katye yo.



Vi prive w pwoteje.


Lalwa egzije Biwo Resansman an pou l pa divilge repons ou yo bay piblik la nan nenpòt fason ki ta ka idantifye ni oumenm ni moun nan kay ou a.

Dapre lalwa, Biwo Resansman an pa kapab pataje repons ou yo avèk okenn lòt enstitisyon gouvènmantal.





2020 pral pi fasil pase anvan.

An 2020, w ap gen chans pou w reponn resansman an sou entènèt.



Ou kapab ede.

Ou se ekspè a—nou bezwen lide w yo osijè pi meyè fason pou asire yo konte tout moun nan kominote w la.



Fasone
pwòp avni w
KÒMANSE ISIT LA >

United States[®]
Census
2020

abny | CENSUS 2020
POU YON MEYÈ NOUYÒK